ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№226-227 (23.635) ● 2017 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩэкIуэгъуэм и 23-м Берлин къыщызэIуахащ Урысеймрэ Германиемрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр гъэбыдэным теухуауэ къызэрагъэпэщ «Петербург зэпсэлъэныгъэхэр» XVI зэIущIэр. Урысейм икIа гупым хэтщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

Зэхуэсышхуэр къыщызэIуахым, фIэхъус псалъэкIэ хэтхэм зыхуагъэзащ УФ-м и Чрезвычайнэ икIи полномочнэ лIыкIуэу Германием щыIэ Гринин Владимир, Урысейм и лъэныкъуэкIэ мы зэIущIэм и унафэщIхэм яхэт Зубков Виктор, Германием и лъэныкъуэкIэ - Пофаллэ Рональд, нэгъуэщIхэми.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Урысеймрэ Германиемрэ я зэхущытыкIэм ехьэлIа Iуэху нэхъыщхьэхэм - политикэм, экономикэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, нэгъуэщIхэми. Абы къыщыпсэлъащ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу, ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр щалъытэ жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэмкIэ УФ-м и Президентым и деж щыIэ советым и унафэщI, «ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр щалъытэ жылагъуэ» лэжьакIуэ гупым и Iэтащхьэ Федотов Михаил.

«Петербург зэпсэлъэныгъэхэр» 2001 гъэм къызэрагъэпэщащауэ щытащ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ ФРГ-м и федеральнэ канцлер Шрёдер Герхардрэ я жэрдэмкIэ.

* * *

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий зыхэт лIыкIуэ гупым зэIущIэм и етIуанэ махуэм «ЗауэлI-щхьэхуитщIыжакIуэ» фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Ар 1949 гъэм Трептов-паркым къыщызэIуахауэ щытащ совет цIыхубэр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуам, Европэм ис лъэпкъхэр нацизмэм къызэрырагъэлам и фэеплъу.

ЛъэныкъуитIым я экономикэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным зэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● КъБР-м и Парламентым

Налог Iуэхухэр, нэгъуэщIхэри...

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ Iуэху щэщIым щIигъум. Абыхэм ящыщщ ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум уасэ зэрыхуагъэув кадастр хабзэм щыхуэкIуэ лъэхъэнэм цIыхухэм я мылъкум тралъхьэну налогыр зэщIэгъэуIуэным теухуар.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Мэремыкъуэ Сэфарбий жиIащ ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум, щIым тралъхьэ налогхэр зэщIагъэуIуэкIэрэ, ахъшэу къыхахым хагъэхъуэн зэрыхуейр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий 2017 гъэм мазаем и 3-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къызэрыщигъэлъэгъуар.

ИужькIэ Мэремыкъуэ Сэфарбий къыхигъэбелджылыкIащ УФ-м и Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэм и 402-нэ статьям и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м «Налог зытралъхьэ псэуалъэхэм я кадастр уасэхэм тещIыхьауэ цIыхухэм я мылъкум налог зэрытралъхьэну хабзэм КъБР-м и щIыналъэм къыщагъэсэбэпу щыщIадзэнущ зы зэман гъэувыным и IуэхукIэ» КъБР-м и Закон №43-РЗ-р къызэрищтар. Абы тету 2016 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ цIыхухэм я мылъкум тралъхьэ налогыр зытещIыхьар и кадастр уасэрщ. Республикэм и щIыналъэм кадастр уасэр зэрыщагъэув щIыкIэр еубзыху КъБР-м и Правительствэм 2016 гъэм щIышылэм и 29-м къыдигъэкIа Унафэ №2-ПП-м.

Мы Iуэхум нэхъ щхьэтечу тепсэлъыхьащ Урысейм и Федеральнэ налог IэнатIэм КъБР-м щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Лытневэ Наталье. Абы къыхигъэщхьэхукIащ инвентаризацэ хабзэр уасэхэр зэрагъэув кадастр щIыкIэр рынок зэхущытыкIэхэм нэхъ зэрыпэгъунэгъумкIэ къызэрыщхьэщыкIыр. КъыщынэмыщIауэ хабзэхэр щызэпэщIэуэ щыIэт.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Чэтбий Зубер Мусэ и къуэр Прохладнэ суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм и «и» пунктым, 117-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

1. Чэтбий Зубер Мусэ и къуэр Прохладнэ суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.
2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м
№776-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къуэныкъуей Раисэ Хьэсин и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Тэхъу Ислъам Алексей и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыным рэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.
4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м
№777-П-П

● КъБР-м и Правительствэм

ЩIыхуэр зытрагъэкI

КъБР-м и Правительсвэм дыгъуасэ щекIуэкIащ Гъэсыныпхъэ-энергетикэ IэнатIэм (ТЭК) пыщIа гугъуехьхэр зэфIэхынымкIэ ведомствэхэм зэдай гупым и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, министерствэхэмрэ щIыпIэ администрацэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, 2017 гъэм и мази 10 блэкIам къриубыдэу республикэ, щIыпIэ бюджетхэмкIэ лажьэ IуэхущIапIэхэм гъэсыныпхъэмкIэ ятелъ щIыхуэр проценти 100-кIэ япшынащ.

- Мы лэжьыгъэмкIэ муниципалитет зыбжанэм ехъулIэныгъэ зэраIэр къыхэзгъэщыну сыхуейт, - жиIащ Мусуковым.- Псалъэм папщIэ, Шэрэдж, Прохладнэ щIыналъэхэм гъэсыныпхъэмрэ энергетикэмкIэ я щIыхуэр процент 95-100-кIэ зытрагъэкIащ. Арами, дызэлэжьын иджыри щыIэщ - цIыхухэм зытрагъэхьа щIыхуэр къыхэхыжыпхъэщ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Къуныжь В., «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м и унафэщI Ало А., «Къэббалъкъэнерго» АО-м и унафэщIым и къуэдзэ Къанэмэт М., Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Тонконог А. сымэ.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.



Интерфейс кабелхэр къыщIагъэкI

«Кавказкабель ТМ» заводым интерфейс кабелыщIэхэр ищIу щIидзащ. «Иджы щыщIэдзауэ дэ къыщIыдогъэкI интерфейс кабелхэр. Ахэр иджырей мардэхэм хуокIуэ икIи щIэупщIэ яIэщ. Япэу тщIахэр «Ямал СПГ»-м хуедгъэшащ. Иджыпсту щIыIэм щыхъума кабелхэр къыщIэгъэкIыным доужьэрэкI», - жиIащ заводым и унафэщI Горюнов Сергей.

«КАВКАЗКАБЕЛЬ ТМ» заводым къыщIигъэкIхэр «Транснефть», «Газпромнефть», Москва и метрополитен, щIыдагъэ, газ, энергетикэ компаниехэм ирагъашэ. Къэрым лъэмыжым и ухуэныгъэми къыщагъэсэбэп зи гугъу тщIы кабелхэр.

Нэгъабэ мы заводым къыщIигъэкIащ кабель сом мелуан 787,3-рэ и уасэ. 2017 гъэм зэрылэжьам тепщIыхьмэ, ар сом мелуан 800-м нэсыну къыщIэкIынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Хъыбар гуапэ

ЩэнхабзэмкIэ унэщIэ яухуэ

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Хъущтэ-Сырт къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэ щаухуэ.

Псори зэхэту а ухуэныгъэм сом мелуан 18 текIуэдащ. Ахэр «2014-2017 гъэхэм, 2020 гъэм нэсыху къуажэхэм зегъэужьын» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ къыхуаутIыпщащ.

ЩэнхабзэмкIэ унэщIэр зы къат фIэкI хъуркъым, ауэ абы и пэшхэм метриплI-тху я лъагагъщ.

Метр зэбгъузэнатIэ 492-рэ зи инагъ унэм пэIущIэ, лэжьакIуэхэр зыщIэсын пэшхэр иIэщ, зал Iэхуитлъэхуитым цIыху 300 щIэхуэнущ.

Иджыпсту унэ кIуэцIхэр зэрахьэ, уэздыгъэ щIашэ, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкI.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Хъущтэ-Сырт къуажэ ЩэнхабзэмкIэ и унэр кхъахэ зэрыхъуам къыхэкIыу, 2011 гъэм щыщIэдзауэ лажьэртэкъым.

КIАРЭ Элинэ.

■ ДифI догъэлъапIэ ■ ХъыбарыщIэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, Радио нэтынхэр · Щэбэт къыдэкIыгъуэ · ■ Малъхъэдис

Кавказыр куууэ ядж

● ЩIэныгъэ

Дон Iус Ростов къалэм дэт Ипщэ Федеральнэ университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ Кавказыр зыдж щIэныгъэлIхэм я 1 Дунейпсо конгресс. «Кавказ Ин: щIыналъэм и зыужьыныгъэмрэ щыпсэу лъэпкъхэмрэ» фIэщыгъэр зиIа а зэхуэсым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым икIа гуп. Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Кузьминов Пётр зи пашэ гупым хэтащ доцентхэу Щоджэн Мурат, Чемаев Назир, Локъуэ Марианнэ, студентхэу Къардэн Къантемыррэ Къущхьэ Анзоррэ.

КОНГРЕССЫМ щытепсэлъыхьащ иджырей лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхухэм (терроризмэм, экстремизмэм, къэралхэм яку дэлъ зэхущытыкIэм, лъэпкъхэмрэ абыхэм я щэнхабзэхэмрэ хъума зэрыхъуну щIыкIэхэм, нэгъуэщIхэми). Апхуэдэу абы къыщаIэтащ Кавказым и тхыдэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэу XIX лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIахэм, совет властым щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэм зауэжьынымкIэ иIа мыхьэнэм, нэгъуэщIхэми. А Iуэхугъуэхэр къызэщIэзыубыдэ доклад купщIафIэ зэхуэсым щищIащ КъБКъУ-м и профессор Кузьминов Пётр.

ЗэIущIэм утыку кърахьащ ди щIыналъэм и зыужьыныгъэм теухуа нэгъуэщI къэхутэныгъэхэри. Къызэхуэсахэр и щхьэр течауэ тепсэлъыхьащ зыгъэпIейтей Iуэхухэм. Студентхэр жыджэру абы зэрыхэтам уимыгъэгуфIэу къанэртэкъым. Шэч хэмылъу, апхуэдэ зэIущIэхэр хуабжьу сэбэпщ ахэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дегъэхьэхынымкIэ.

- Конгрессым дызэрыхэтам гупсысэщIэхэр ди гум къырилъхьащ. Къапщтэмэ, дэ нэхъыфIу къыдгурыIуащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм я купщIэр, абыхэм жылагъуэм щаIэ мыхьэнэр, - жаIащ студентхэм. - КъищынэмыщIауэ, зэхуэсыр сэбэп хъуащ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Псоми Iэ яIэтын папщIэ

● Хэхыныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэм и деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым и етIуанэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм Iэ яIэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщыным. Комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав жиIащ 2018 гъэм УФ-м и Президентыр щыхахкIэ республикэм участкэ 354-рэ зэрыщылэжьэнур, апхуэдэуи электрон IэIэтым и Iэмалхэри къагъэсэбэпыну зэрамурадыр. IэIэтыр зэрекIуэкIынур ИнтернетымкIэ зэралъагъуну камерэхэр хэхыпIэхэм я мызакъуэу, участковэ, щIыпIэ хэхакIуэ комиссэхэми щагъэувынущ. Хэхыныгъэм щIимыдзэ щIыкIэ ягъэбелджылынущ зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыхухэр щыпсэур.

- МЫХЬЭНЭШХУЭ иIэщ Iэ апхуэдэ Iэмал етыным, - жиIэтыну хуит дэтхэнэ зыми IащЖылагъуэ-чэнджэщакIуэ советым и унафэщI, ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, никъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ иужьрей зэманым лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI, ауэ IуэхущIапIэ псоми я щIыхьэпIэм иджыри къыздэсым пандусхэр яIэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь **Бондарев Николай** гу лъаригъэтащ КъБР-м цIыху ныкъуэдыкъуэ мин 57-рэ 80-рэ зэрыщыпсэум, абыхэм ящыщу мини 7-р япэ гупым зэрыхиубыдэм.

Хэхыныгъэр щекIуэкIыну пэшхэм я нэхъыбэр япэ къатхэм тетщ, 33-рэщ къат нэхъ лъагэхэм щыIэр. КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ** жиIащ стационар IуэхущIапIэхэм щIэлъхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтауэ учётым щытхэмрэ я пIэ имыкIыу Iэ яIэтынымкIэ социальнэ лэжьакIуэхэр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунур.

ЗэIущIэм хэтахэм щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрылъ щащIащ хэхыпIэхэм екIуэлIэныр къызэхьэлъэкI псоми зыщIагъэкъуэну, хэхакIуэ комиссэхэмрэ ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министерствэмрэ къалэн щащIащ унэм Iэ щаIэтыну хуитхэм я деж зэрыкIуэну щIыкIэр ягъэбелджылыну.

БЕЛЫХ Наталье.

Налог Iуэхухэр, нэгъуэщIхэри...

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Псалъэм и хьэтыркIэ капитальнэ ухуэныгъэм и объектхэу 2013 гъэм гъатхэпэм и 1-м иужькIэ лажьэу яутIыпщахэм налог тралъхьэ хъуртэкъым «Ростехинвентаризация» - Федеральное БТИ» АО-м и щIыналъэ къудамэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 1-м иужькIэ инвентаризацэ уасэр зэримыгъэувыжам къыхэкIыу. Абы и зэранкIэ налог органхэм яIакъым, иджыри нобэм къыздэсым яIэкъым а лъэхъэнэм иужькIэ инвентаризацэ уасэхэм теухуа хъыбархэр къыIахынымкIэ икIи елэжьынымкIэ хуитыныгъэ. Апхуэдэуи цIыхухэм я мылъкум налог тралъхьэн папщIэ ахэр къагъэсэбэп хъуртэкъым.

ЗэIущIэм къыщыхагъэбелджылыкIащ щыIэ льготэ, шэсыпIэ псори къызэрагъэнэжар. Ягъэтэмэмар льготэхэр мылъку псоми ящыщу зым (пэшым, фэтэрым, унэм, гаражым, творческэ мастерскойм, псэуалъэм) ящыщу зым фIэкIа зэрылъэмыIэсырщ.

Абы къыдэкIуэу налогхэр къатемыхьэлъэн папщIэ абы хагъэхъуэнущ лъэхъэнэ-лъэхъэнэкIэрэ зэпыудауэ. Апхуэдэу щытынущ 2020 гъэр къэсыху.

Лытнёвэ Наталье и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, 2016 гъэм зэрыщIидзэрэ ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъку зэмылIэужьыгъуэхэу мин 59-м щIигъум налог зытралъхьэхэр хагъэхьащ.

2017 гъэм и мазипщIым цIыхухэм къыIаха налогыу КъБР-м и республикэ бюджетым Iэрыхьащ сом мелуан 25-рэ мин 900-рэ (къалэныр процент 140,6-кIэ ягъэзэщIащ). Ар 2016 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ сом мелуани 4-рэ мин 559-кIэ нэхъыбэщ.

Iуэхум щытепсэлъыхьым депутатхэр куэдым щIэупщIащ. Ахэр хуэгъэзат хабзэщIэр цIыхухэм къатехьэлъэнкIэ зэрыхъунум, абыхэм тралъхьэ налогхэм я лъабжьэм. Лытнёвэ Наталье къагуригъэIуащ зэрыщыту къапщтэмэ налог зэрытралъхьэ хабзэщIэр захуагъэ нэхъ зыхэлъу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщхьэхукIат ямытха унэ лъапсэ куэд республикэм зэрыщыIэр. Абы къыхэкIыу законкIэ къатехуэ ахъшэр ятыркъым. Апхуэдэ мылъку сэтей къащIмэ, инспекторым ар зей цIыхум зэуэ ирагъэпшыныжынущ иужь илъэсищым къытехуа щIыхуэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ АфэщIагъуэ Михаил гу лъаригъэтащ и кIэм намыгъэса ухуэныгъэ куэд республикэм зэрыщыщIэм икIи абыхэм ятеухуа хъыбархэр УФ-м и Федеральнэ налог IэнатIэм КъБР-м щиIэ къудамэм зэрыIэрымыхьэр. Къэпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIыр.

Лытневэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ «Налог зытым и кабинет щхьэхуэ» IуэхутхьэбзэщIапIэм иIэ Iэмалхэм. Абыхэм я фIыгъэкIэ цIыхухэм ялъагъу налогыу ятар, къатенар зыхуэдизыр, н.къ.

Псалъэмакъым кърикIуахэр щызэхилъхьэжым КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыхигъэбелджылыкIащ налог телъхьэкIэщIэм гугъуехьхэр зэрыпыщIар, абы къыхэкIыу налог IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, муниципалитетхэр цIыхухэм нэхъ жыджэру ядэлэжьэн зэрыхуейр.

Президиумым мы Iуэхум егъэщIылIа IэнатIэхэм ират чэнджэщхэр зэхилъхьащ.

* * *

АПХУЭДЭУ зэIущIэм щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм муниципальнэ къулыкъур зэрыщыгъэувам теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джэш Хьэсэн къазэрыгуригъэIуамкIэ, муниципальнэ IэнатIэм къулыкъу щызыIыгъхэм хуагъэувхэр нэхъ лъэгэн хуейкъым КъБР-м къэрал къулыкъу щызыIыгъхэм хуагъэувхэм нэхърэ.

Абы къыдэкIуэу президиумым щыхэплъащ «Хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ закон языныкъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар хуэгъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хэхыныгъэ, референдум Iуэхухэр щыщрагъэкIуэкIкIэ хэхыныгъэхэм, референдумхэм хэтын и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм яIэ хуитыныгъэхэр зэрыпхагъэкI Iэмалхэр егъэфIэкIуэным.

Проектым къыщыгъэлъэгъуащ «Урысей Федерацэм и хабзэгъэув Iуэху языныкъуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыдэкIа Федеральнэ закон №104-ФЗ-м щыубзыхуахэр ягъэзэщIэныр.

Федеральнэ законым ипкъ иткIэ КъБР-м и законым и проектым къыщыгъэлъэгъуащ хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ хэтыным теухуауэ ныкъуэдыкъуэхэм яIэ хуитыныгъэхэр.

Мы проектым щелэжьым къалъытащ Урысей Федерацэм и Конституцэ судыр мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр.

ЗэIущIэм апхуэдэу щыхэплъащ федеральнэ законхэм я проектхэм, УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщ я лэжьэгъухэм къыхалъхьэ хабзэгъэув жэрдэмхэм.

Апхуэдэ унафэ къыщащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр Республикэ геронтологие реабилитацэ центрым и унафэщI Хьэджымыкъуэ Руслан иратыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Къущхьэ Мухьэжид Сэхьид и къуэр

2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м и ныбжьыр илъэс 85-м иту дунейм ехыжащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, лэжьыгъэм и ветеран Къущхьэ Мухьэжид Сэхьид и къуэр.

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1933 гъэм Къущхьэ Мухьэжид къыщалъхуащ. Мэкъумэш хозяйствэр механизацэ щIынымрэ электрификацэмкIэ Iуэзэв-Тенджыз ФIыцIэ институтыр къиухри, 1955 гъэм лэжьэн щыщIидзащ Къэбэрдей-Балъкъэр электросетхэм. Инженер нэхъыжь, къудамэм и унафэщI, «Мэкъумэш-энерго»-м и инженер нэхъыщхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр электросетхэм я унафэщIым и къуэдзэ, иужькIэ - унафэщI къулыкъухэр ирихьэкIащ.

1984 - 2000 гъэхэм ар лэжьащ «Къэббалъкъкоммунэнерго» управленэм и генеральнэ директору.

Къущхьэ Мухьэжид мызэ-мытIэу хахащ цIыхубэ депутатхэм я район, къалэ (Налшык) Советхэм я депутату.

Абы и псэемыблэж лэжьыгъэм къыпэкIуащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, Ленин В.И. къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу и гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и щIыхь тхылъитI, «Ставропольэнерго» РЭУ-м и фIыщIэ тхылъ куэд.

Къущхьэ Мухьэжид иригушхуэу зэрихьэрт «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и энергетик», «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и энергетик» цIэ лъапIэхэр. ВДНХ-м мызэ-мытIэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи абы и медаль зыбжанэ къыхуагъэфэщащ.

«СССР-м энергетикэмрэ электрификацэмрэ и отличник», «ГОЭЛРО-р илъэс 60 ирокъу», «СССР-м ЭнергетикэмкIэ и министерствэм щIыхь зиIэ и энергетик» бгъэхэIу дамыгъэхэр кърэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэм и зыужьыныгъэм теухуауэ Къущхьэ Мухьэжид къыдигъэкIащ тхылъитхурэ статья 150-м щIигъурэ, къищынэмыщIауэ дунейм къытригъэхьащ адыгэхэм ди хабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ, Къущхьэ лъэпкъым и тхыдэм теухуа тхылъхэр.

Дунейм ехыжыхукIэ ар щытащ «Къущхьэ» лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу.

Хэкупсэ нэс, лэжьыгъэм и ветеран Къущхьэ Мухьэжид Сэхьид и къуэм и фэеплъ нэхур игъащIэкIи ди гум илъынущ.

Благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр.

Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Советым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым гущIыхьэ ящыхъуауэ хъыбар фагъащIэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Къущхьэ Мухьэжид Сэхьид** и къуэр дунейм зэрехыжар икIи абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

● ЩэкIуэгъуэм и 26-р Анэм и махуэщ

Быным я дунейр яхуэзыгъэнэху

Бзылъхугъэу щыIэм я нэхъ лъапIэм - анэм - и махуэр ди къэралым зэрыщагъэуврэ илъэс 20-м нэсащ. Абы теухуа унафэ щхьэхуэ УФ-м и Президентым къищтауэ щытащ 1998 гъэм икIи илъэс къэс щэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм догъэлъапIэ. Анэм и мыхьэнэр армырами зэрылъагэр, абы хуэдэу псэ хьэлэлрэ бзэ IэфIрэ, гу зэIухарэ Iэ щабэрэ Тхьэшхуэм зрита абы къигъэщIахэм зэрахэмытыр хьэкъщ игъащIэми, итIани къэрал унафэкIэ ягъэува а махуэшхуэм иджыри зэ къегъэлъагъуэ жылагъуэм и дэтхэнэ цIыхуми я дежкIэ анэм мыхьэнэуэ иIэр, абы гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэми аргуэру гу лъыдегъатэ.

АНАГЪЭМ пылъ къалэнхэр нэхъ тэмэму зэфIэха хъун папщIэ, ди къэралым щолажьэ социальнэ проект хэхахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри анэхэм я пщIэм хэзыгъахъуэщ, анагъэм и лъабжьэр мылъкукIэ щIэзыгъэбыдэщ, абы и къалэнхэр къыщызыгъэпсынщIэщ.

КъыпхуэмыIуэтэным хуэдэу абрагъуэщ «анэ» псалъэм и мыхьэнэмрэ щIэлъ гурыщIэмрэ. Быным я нэху, я гъащIэ гъуазэ а цIыхум и псэр абыхэм сыт щыгъуи яхузэIухащ, къилъхуам папщIэ сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфынущ, и псалъэхэмрэ IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэмри зыхуэгъэпсар щIэблэр фIым, дахэм хуэущиинырщ, гъуэгу захуэ тегъэувэнырщ. Анэм хуэдэу зыми зыхищIэфынукъым быным и гукъеуэри гузэвэгъуэри. Абы и сабийм хуищI гулъытэм, анэ лъагъуныгъэмрэ лъэкIыныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ дунейм къытригъэхьам и Iуэхур адэкIэ зэрыхъунур, абы гъащIэм щигъуэтыну увыпIэр, нэгъуэщI куэди. Ди анэхэращ тхэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыфIхэр къытхэзылъхьэфыр, ахэращ ди насыпыр зэтеувэнымкIэ гугъу зыкъыддезыгъэхьыр. Аращ адыгэ псалъэжьым «Анэр нэм хуэдэщ» щIыжиIэр. Нэр къэмыплъэмэ, цIыхур хокIыж, нэсу зыхищIэркъым дунейм и фIыгъуэхэм ящыщ куэд - апхуэдэщ анэ лъагъуныгъэм, IэфIыгъэм, щабагъэм уахуэныкъуэнри. Абы и жьауэм щIэмыт быныр дыгъэми елыпщI, жьапщэри къопхъэшэкI. Апхуэдизу щIэблэр зи хъуахуэ анэм хуэфэщэн гулъытэ щыхуэдмыщIи къохъу. УсакIуэми гу зэрылъитащи, «жьэгу мафIэм хуэдэ анэ лъагъуныгъэр куэдым къыщалъыхъуэжыр щIыIэм щисым дежщ». Дахущывгъэт ди анэхэм гумащIэу, ди псалъэ гуапэрэ дахэрэ хуремыникъуэ ахэр.

Быным я дунейр яхуэзыгъэнэху, я гъащIэр яхуэзыгъэIэфI анэ псоми дохъуэхъу махуэшхуэмкIэ. ЩIэблэмкIэ яIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъууэ, абыхэм я гузэвгъуэ ямылъагъуу, я гулъытэ щымыщIэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къалъхуахэм кърату куэдрэ Тхьэм игъэпсэу. А фIыгъуэр - анэр - зиIэхэми куэдрэ Тхьэм къахуихъумэ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Ди нэхъыжьыфIхэр

Пхъум и щапхъэ

Шэджэм къалэм дэс Къэшэж (Мамбэт) КIуатIэ, анэ гумащIэм, анэшхуэ IэфIым, унэгуащэ нэсым, гъащIэм щызыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт быныр, абыхэм и быныжыр зыхуей хуэгъэзэныр, гъэсэныгъэ нэс ябгъэдэлъхьэныр.

КIУАТIЭ 1924 гъэм Шэджэм къыщалъхуащ. Ауэ, езым зэрыжиIэмкIэ, ятх илъэс бжыгъэм нэхърэ илъэситIкIэ нэхъыжьщ. А зэманым къаухыр класситI-щы школти, Шэджэм дэт еджапIэм и класситIыр кърихьэлIауэ щытащ. ИужькIэ колхозым щылэжьащ. Нанэм и ныбжьым, гъащIэ къекIуэкIыкIам теухуа и гукъэкIыж хъыбархэм уедэIуэну гъэщIэгъуэнщ.

Къэшэжхэ я лъэпкъыр Къармэхьэблэ дэсщ, ауэ унагъуэ ихьа нэужь, КIуатIэ и щхьэгъусэр и гъусэу ЛашкIутIэ, Бедыкъ, Былым къуажэхэм щыпсэуащ. ХьэкIашэрэ абырэ пхъуих зэдапIащ. Нэхъыжь дыдэр илъэс 74-рэ мэхъу, нэхъыщIэр - 57-рэ. Адэ-анэм я пщIантIэм къыдэнар япхъу нэхъыщIэращ.

«Анэм и хабзэр пхъум и щапхъэщ», - жыхуаIэрати, быну иIэм гъэсэныгъэ нэс ябгъэдэзылъхьэфа цIыхубзыр абы кърикIуахэм нобэ ирогуфIэ. Пхъуихри унагъуэ зырызу ягъэтIысыжащ, быным я быныжхэри яхэту. Зэщхьэгъусэхэр колхозым щылажьэу гъащIэр яхьащ. Хъыджэбзхэм IэщIагъэ, щIэныгъэ зрагъэгъуэтын хуей щыхъум, зыми пэрыуакъым, ягу дыхьэ унэтIыныгъэр къыхрагъэхащ. Иджыпсту пенсэ тIысыжа щхьэкIэ, ахэр псори лэжьыгъэ IэнатIэ Iутащ. Абыхэм яхэтщ банкым щылэжьаи, бухгалтеру, дохутыру, дэрбзэру щытаи. КIуатIэ пхъурылъхуу 14 иIэщ. Анэшхуэм и ущием щIапIыкIа ныбжьыщIэхэр унагъуэу тIысыжахэщ. Нанэ, нанэшхуэ Iумахуэм къыщIэувэщ и пхъурылъхухэм я быну 20-рэ абыхэм я быныжу 4-рэ. Уи гур хохъуэ щIэблэр къызэхуэсыжарэ анэшхуэм къепщIэкIауэ бгъэдэсу щыплъагъум деж.

КIуатIэ и унагъуэр 1963 гъэм Шэджэм къэIэпхъуащ. Езы нанэм зэрыжиIэжымкIэ, ахэр зыдэтIысхьа хьэблэр зэрыIыгът, езым нэхъ щIалэ дэстэкъым. Иджы ар хьэблэм я нэхъыжьщ. Илъэс 50-м щIигъуауэ хьэблэм дэс цIыхубзым пщIэ къыхуащI, абы и деж чэнджэщакIуэ куэд къокIуэ. Гъунэгъу сабийхэм яхуэгуапэ нанэм абыхэм я гулъыти егъуэт.

Зи ныбжьыр илъэс 90-м щIигъуа нанэм и ущиехэм, хъыбархэм едаIуэ цIыкIухэм я гупсысэкIэм зэрызиужьым шэч къытехьэгъуейщ. «Уи унагъуэм нэхъыжь щIэмысми, хьэблэм апхуэдэ чэнджэщэгъу дэсыныр куэд и уасэщ, - жаIэ гъунэгъухэм КIуатIэ щхьэкIэ.

Анэм и махуэм ирихьэлIэу КIуатIэ дохъуэхъу и быным я гуфIэгъуэ илъагъуу илъэс куэдкIэ ящхьэщытыну. УсакIуэм зэрыжиIащи, ар уиIэху иджыри усабийщ.

БАКЪ Мадинэ.
Шэджэм къалэ

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Си анэм деж

Шхын IэфIхэр Iэнэм
къытеплъхьауэ,
Аргуэру дэ дызэбгъэдэсщ.
Гу махэ дыдэ укъэхъуауэ,
УолъэщI кIэпхынымкIэ уи нэпс.
«КъэкIуэж нэхъ щIэхыурэ,
си щIалэ, -
ЖыбоIэ, - плъагъукъэ, жьы
сыхъуащ.
Жыжьэж си гугъэкъым ажалыр,
ПщIыхьэпIэу уи адэри слъэгъуащ...
Шхэт уэ, едзакъэт. Сыт, на,
къэзбжыр?..
Ди джэдхэр, дауи, тIысыжащ,
Згъэбыдэжынщ ди
джэдэщыбжэр», -
Уи псалъэр зэу щIэплъэфыжащ.
Ей, сянэ, сянэ! Уэ узахуэщ,
Солъагъу уи щхьэцу уэсу тхъуар.
Уимылъу сигу мыкIуа зы махуэ,
УзмыщI уи гугъэми хъымпIар.
Уи бын уи гъусэу мыпсэуныр
ЗищIысыр сэри зыхэсщIащ...
Збгынэнкъым, хьэуэ, сэ ди унэр,
Мис, ноби уэ сурихьэщIащ.
Уэ пщIэркъэ - гъащIэр
жьапщэ инщи,
Дунейм цIыху цIыкIур щрекъухь,
Зэбгъэдырес, жьы хъуар
гуэныхьщ».
Аращ зэманыр, хьэщIэм хуэдэу,
ДыкъыфхуокIуэж, фыдощI
пIейтей.
ДыщыIэм махуэ - ар тфIэкуэду
Дожьэж, докIуэж адрей «дыдейм».
Узыншэу, мамэ! Умыдзыхэ,
Нэхъ мащIэу пщIыхьхэм егупсыс.
ТхьэмыщкIэр - быни зимыIэххэрщ.
Мы усэр уи къуэм уэ пхуеус.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

Анэ

ГъащIэр ехь
И быным тегужьеикIауэ:
Жьыр къепщамэ,
ФIощI ирихьэжьэн.
Къытехъуам уэлбанэ,
Унэм ар щIэкIауэ,
Псыдзэм ихьын фIэщIу,
Ныпежьэнщ.
Химыгъэхьэ жэщым,
Химыгъэхьэ щIыIэм -
ФIощIыр псоми
Зыгуэр кърашIэн...
Дыгъэ закъуэрщ анэм
Дзыхь зыхуищIу щыIэр:
А тIум зэщхьщи аращ я хьэл-щэн.

Мы махуэхэм

ЩэкIуэгъуэм и 25,
щэбэт

♦**ЦIыхубзхэм залымыгъэ якIэлъызехьэным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1999 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м къищта унафэмкIэ ягъэуващ ар.

♦**Урысейм и мамырщIэкъу дзэхэм я махуэщ**

♦**1735 гъэм** ягъэжащ Пащтыхь-тхьэгъушыр.

♦**1339 гъэм** Москва Кремлым жыгейм къыхэщIыкIа и блынхэр зэтелъхьэн щIадзащ.

♦**1867 гъэм** Швецием щыщ химик, инженер Нобель Альфред иратащ динамитыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патентыр.

♦**1935 гъэм** СССР-м щагъэуващ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр.

♦**1942 гъэм** Iэ щIадзащ совет-французхэ зэгурыIуэныгъэм. Абы ипкъ иткIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ «Нормандие - Неман» эскадрилье цIэрыIуэр.

♦**1741 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэщ) и пщэ иралъхьат Пётр Езанэм ипхъу Елизаветэ императрицэр и къулыкъум зэрыпэрыувэну манифестымрэ абы ищIыну тхьэрыIуэмрэ зэхилъхьэну.

♦Урыс хирург, академик **Пирогов Николай** къызэралъхурэ илъэс 207-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Мордюковэ Ноннэ** (и цIэ дыдэр Ноябринэщ) къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Литературэдж, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Шэвлокъуэ Пётр** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦ТхакIуэ, публицист, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЛIыхъусэжь Хьэжрэтбий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ХъуакIуэ ФатIимэт** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 7 - 4 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 26,
тхьэмахуэ

♦**Информацэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Анэм и махуэщ**

♦**Абхъазым и Конституцэм и махуэщ**

♦**1394 гъэм** Сеул Кореем и къалащхьэ хъуащ.

♦**1832 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.

♦**1925 гъэм** ягъэунэхуащ Туполевым и «АНТ-4» кхъухьлъатэр.

♦**1963 гъэм** япэу ягъэлъэгъуащ «НэхулъэфI фыкъикI, цIыкIухэ!» нэтыныр.

♦ХьэкIэкхъуэкIэхэр, псом хуэмыдэу къаплъэнхэр, утыкум «щыджэгуным» хуэзыгъасэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Назаровэ Маргаритэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкIуэкI, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Шатиловэ Аннэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ уэрэджыIакIуэ, актрисэ, «Грэмми» саугъэтыр 8 зыхуагъэфэща **Тёрнер Тинэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ ЩIДАА-мрэ я академик **Къумахуэ Мурадин** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦ КъШР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Жыласэ Маритэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр градуси 5 - 4 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 27,
блыщхьэ

♦**Уасэ зыгъэувым и махуэщ**

♦**1705 гъэм** Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ «Тенджызым къулыкъу щызыщIэну сэлэт полк» къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**1922 гъэм** Урысейм къыщыдагъэкIащ ахъшэщIэ - совет тумэнхэр.

♦РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Польских Галинэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Машков Владимир** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым и гъуащхьауэ нэхъыфIхэм ящыщ (топ 233-рэ дигъэкIащ) **Кержаков Александр** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 4 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи мырамысэ зыхуэмыщIыжыр гъунэгъум жэмыкуащIэ макIуэ.

● ФIыщIэ

Сабийр кIуэдакъым

Налшык къалэ ДПС-м и полицейхэм я фIыгъэкIэ псынщIэу къагъуэтыжащ илъэси 10 зи ныбжь щIалэ цIыкIур.

НАЛШЫК къалэм и ОГИБДД-м и батальон щхьэхуэм и гъуэгуплъыр къулыкъум и «614» экипажым и лэжьакIуэхэм захуигъэзащ цIыхубз гужьеям. Абы и къуэр и ныбжьэгъухэм ящIыгъуу дэкIри и чэзум къигъэзэжатэкъым.

Автоинспекторхэм хъыбарыр плъыр частым нагъэсащ икIи абыхэм къадэIэпыкъуну къэсащ ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ IуэхущIапIэмрэ ППС-мрэ я гупхэр. ЦIыхубзым зэрызахуигъазэрэ сыхьэт ныкъуэ мыхъуауэ, сабийр къагъуэтыжащ я унэм пэIэщIэ псэупIэм и щIыхьэпIэм деж щыту.

КъызэрыщIэкIамкIэ, щIалэ цIыкIур гъуэщат. ЦIыхубзым фIыщIэ яхуищIащ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуа полицейхэмрэ автоинспекторхэмрэ: полицэм и лейтенантхэу Гъузий Азэмэтрэ Дудар Мухьэмэдрэ, полицэм и лейтенант нэхъыщIэ Бэчкъан Алим сымэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.



IуэхущIапIэхэм къахохъуэ

Аруан щIыналъэм и консерв заводхэм фIэIугъэ зэмылIэужьыгъуэу сом мелуан 870-м нэблагъэ и усэ къыщIагъэкIащ.

КОНСЕРВ заводхэм фIэIугъэ зэрылъ банкIыу мелуан 93-рэ ягъэхьэзыращ. Абыхэм ящыщу мелуан 82-р (сом мелуан 868-рэ и уасэ) «Агро-Инвест» IуэхущIапIэм и закъуэ къыщIигъэкIащ. Къыхэгъэщыпхъэщ: 2017 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм къыщыщIэдзауэ мы районым ерыскъыхэкIым елэжьыну предприятэ зыбжанэ къыщызэIуахащ: «Агро-07» ООО, «Аруан ПК» ООО, «Сибэч А. Ж. ИП», «Сибэчхэ я мэкъумэш-фермер IуэхущIапIэ». Абыхэм псоми зэхэту фIэIугъэ банкIыу мелуани 10 ягъэхьэзыращ.

Iэмэпсымэ нэхъыфIхэмкIэ къызэгъэпэща мы IуэхущIапэхэм я фIэIугъэхэр егугъупэу ягъэхьэзыр. Зэман кIэщIым къриубыдэу ахэр хьэрхуэрэгъу яхуэхъуфынущ Урысейми нэгъуэщI къэралыгъуэхэми я компание нэхъыфIхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым

Семэн Iэмырхъан

Анэмрэ къуэмрэ. *Псыгуэнсу, 2004 гъэ*

Тулузэ университетым, къыщыдэлажьэхэр и гъусэу. *Франджы, 1988 гъэ*

Насып къуимытми хуитыныгъэм, Ар гъащIэм купщIэ хуэхъуу фIыгъуэщ

Ди тхыгъэм фIэщыгъэ хуэтщIа псалъэхэр къитхащ «Homo duplex, или Взойти на эшафот» тхылъым. Ар зи къалэмыпэм къыпыкIар щIэныгъэлI, бзэм и философ, а унэтIыныгъэмкIэ къэхутэныгъэ купщIафIэхэр (монографие щхьэхуэри яхэту) зэфIэзыха, филологие щIэныгъэхэм я доктор Семэн Iэмырхъанщ. ГъащIэм хуаIэ гупсысэхэмрэ я дуней еплъыкIэхэмкIэ куэдым къащхьэщыкI цIыху гумызагъэхэм, пэрытхэм, пэжым и лъыхъуакIуэхэм ящыщщ ар. И анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ нэсу зэрищIэм къадэкIуэу, Iэмырхъан хуиту иропсалъэ франджыбзэми латиныбзэми. КъызэрысщыхъумкIэ, адыгэбзэм къыкIэлъыкIуэу, абы и псэм нэхъ и гъунэгъухэм ящыщщ латиныбзэр - иджырей Италием и щIыналъэр ижь-ижьыж лъэхъэнэхэм зи псэупIэу щыта лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр. «Scientia unescamus» («ЩIэныгъэмкIэ дызэкъуэувэнщ») - аращ зэреджэр Семэныр зи пашэ Гуманитар егъэджэныгъэ центрым. Езыми и гъащIэ гъуазэхэри къыхощ латин жыIэгъуэхэу «Viva vox docet» («ЩIэныгъэ къозытыфынур цIыхурщ») «Vitae, non scholae discimus» («ДыщIеджэр школым щхьэкIэкъым, атIэ гъащIэм папщIэщ»).

Iэмырхъанрэ и щхьэгъусэ Иннэрэ. *Париж, 2000 гъэ*

Спортыр и Iэпэгъуу. *1989 гъэ*

АРУАН щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1957 гъэм къыщалъхуащ Iэмырхъан. Жылэм пщIэрэ нэмысрэ щызиIахэм ящыщащ Семэнхэ я унагъуэшхуэм я нэхъыжь, Хэку зауэшхуэм лIыгъэ зэрихьэу хэта ТIутIи абы и щхьэгъусэ КIутIи. А нэхъыжьыфIхэм ябгъэдэлъа зэхэщIыкI куум, гупсысэ шэщIамрэ акъылыфIагъэмрэ, хабзэмрэ нэмысымрэ ятеухуа хъыбар куэд ноби щызэхэпхынущ къуажэм. Я бынхэу Iэмирэт, Чэбирэт, Хьэбас, Ларэ (Iэмсирэт), Iэмырхъан, Мадинэ сымэ щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ зэрыпсэуфын IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ зэщхьэгъусэхэм. Зы анэ къилъхуахэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, яхэщIащ Iэмирэтрэ Хьэбасрэ. Зэшыпхъуищым иджы плъапIэу яIэр ади, ани, дэлъхуи яхуэхъу я псэ закъуэ Iэмырхъанщ. Нэхъыжьхэр ямыIэжми, ахэр мэпсэу абыхэм я щапхъэр я гъуазэу, цIыхугъэр, пэжыгъэр, лъэпкъ хабзэр, пщIэр ягъэнэхъапэу.

- Ди адэ-анэм езыхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ ямыIами, дэ, я бынхэм, къытхалъхьэфа хьэл-щэныфIхэм ящыщщ еджэным дыхуэпабгъэу, дымыщIэр зэдгъэщIэным дыхущIэкъуу дыкъызэрагъэтэджар, - жеIэ Iэмырхъан. - КъинэмыщIауэ, абыхэм дыхуагъэсащ псалъэм пщIэ хуэтщIу, гупсысэр абы япэ иту, адыгэ псалъэжьым зэрыжиIауэ, «акъылым и анэр гупсысэу» зэрыщытыр зыхэтщIэу дыпсэуным.

Къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, еджэным хуэнэхъуеиншэ щIалэщIэм мурад ищIащ къэралым и щыхьэрым кIуэуэ абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. А гуращэр абы IэщIыб ищIакъым дзэм къулыкъу щыщищIа илъэсхэми. А къалэн ткIийр къызыхуэтыншэу зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, зэман мащIэ къыщыхудэхуэм, тхылъыр и Iэпэгъут, къыпэщылъ экзаменхэм зыхуигъэхьэзырырт.

Дзэ къулыкъур щIыхь пылъу ирихьэкIа нэужь, Iэмырхъан занщIэу иунэтIащ Москва, и мурадыр зригъэхъулIэну. Бзэм и къарур, и лъэщагъыр, и купщIэр зыхэзыщIэ щIалэщIэр щIэтIысхьащ Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмкIэ университетым, а лъэхъэнэм Лумумбэ Патрис и цIэр зезыхьэу щытам (иджы РУДН). Хрущёв Никитэ и тетыгъуэм къыхалъхьащ а егъэджэныгъэ проектыр хуабжьу цIэрыIуэ щыхъуащ СССР-м. Абы ипкъ иткIэ Москва къыщызэIуахауэ щытащ етIуанэ (япэр Ломоносовым и цIэр зезыхьэ МКъУ-р) университетыр. Къалащхьэм дэт адрей еджапIэ нэхъыщхьэ псори абы щыгъуэ институтт.

Азием, Африкэм, Латин Америкэм хыхьэ зызыужь къэралхэм папщIэ квалификацэ лъагэ зиIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным теухуауэ щытащ РУДН-м и лэжьыгъэр. Хамэ щIыпIэхэм къикIа апхуэдэ щIалэгъуалэм ящIыгъуу абы щеджэрт совет студентхэри. Арат а университетым и купщIэ нэхъыщхьэр: щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ щIалэгъуалэм зэгъусэу щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ягъэгъуэтын, апхуэдэуи лъэпкъхэм я зэхуаку зэныбжьэгъугъэ дэлъхьэн. Апхуэдэ интернационалист Iуэху еплъыкIэт а лъэхъэнэм диIар дэ, дызыщIапIыкIари арат Совет Союзым и цIыхухэр. Зи гугъу тщIы гупсысэхэм зэщIаIыгъэт Семэн Iэмырхъани, РУДН-м и студент щыхъуам щыгъуэ. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ а университетым ущIэхуэн папщIэ, щIэныгъэшхуэ е цIыхугъэшхуэ уиIэн зэрыхуеяр. НэгъуэщI Iэмал щыIэтэкъым. Семэным Тхьэр къызэрыхуэупсар япэ идгъэща Iэмалырт: зэрыцIыкIуэ тхылъыр фIыуэ илъагъуу, абы кърихьэкI дэтхэнэ Iущыгъэри и гум ириубыдэу къэхъуа сабийм къищIыкIат щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ, абы пщIэ хуэзыщI адыгэ щIалэ нэс.

Университетым зэрыщIэтIысхьэ къэпщытэныгъэхэр лъэпощхьэпоуншэу зэфIэкIауэ, иджы ар урысыбзэм кууэ хуеджэрт, «Урысыбзэр хамэ къэралыбзэм хуэдэу» (РКИ) къудамэм щIэсу. Зи ныбжьыр илъэс 17 ирикъуху щалъхуа щIыналъэм и гъунапкъэри зэпызымыупщIа Iэмырхъан и дежкIэ Москва дэт университет цIэрыIуэм ущеджэныр ар езы гъащIэр къызэрыхуэупса фIыгъуэт, псэукIэм хуэзыгъасэ дерс щхьэпэт. Абы щагъэхьэзырырт зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэр, щагъасэрт гупсысэ пэрыт зиIэ щIалэгъуалэ. РУДН-р зэрыцIэрыIуэ апхуэдэ Iуэху зехьэкIэ псори, псы хуэлIа къэкIыгъэм хуэдэу, зыщIишащ Iэмырхъан. Ар и щапхъэщ а еджапIэ нэхъыщхьэм и гъэсэн нэхъыфI дыдэхэм, щIэныгъэ куурэ акъыл шэщIарэ зыбгъэдэлъхэм, цIыхугъэ лъагэрэ зэхэщIыкI инрэ зиIэхэм.

Урысыбзэм и щэху псори къызэраугъуейм къыдэкIуэу, совет студентхэм яджырт хамэ къэралыбзэхэри - инджылызыбзэр, франджыбзэр, испаныбзэр, нэгъуэщIхэри. А псори абыхэм къахуэщхьэпэжырт, университет нэужьым лэжьапIэ увын хуей щыхъум деж.

- РУДН-р ехъулIэныгъэкIэ къэзуха нэужь, сэ республикэм къэзгъэзэжащ, зэман гуэркIи КъБКъУ-м сыщылэжьащ. ИужькIэ, СССР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм къызита тхылъым ипкъ иткIэ, Африкэм сагъэкIуащ, - игу къегъэкIыж Семэным. - Ар си япэ хамэ къэрал IэнатIэт. ИужькIэ гъащIэм куэдрэ къыщысхуэщхьэпащ а зэманым сызрихьэлIа Iуэхугъуэхэр. Сэ дапщэщи си насып хэлъщ цIыхуфIхэм, хьэлэмэтхэм, зэхэщIыкI куу зиIэхэм. Апхуэдэхэм куэдрэ сащрихьэлIащ си гъащIэ гъуэгум.

Бенинрэ Ганэрэ я зэхуаку дэлъ Того къэрал цIыкIум щыIэ щIыпIэ университетым илъэсищкIэ щылэжьащ Iэмырхъан, урысыбзэмрэ литературэмрэ студентхэм яригъэджу. ИужькIэ Москва къэкIуэжащ икIи лэжьыгъэм РУДН-м щыпищащ, абы и аспирантурэми щIэтIысхьащ, и щIэныгъэм адэкIэ хигъэхъуэну. 1996 гъэм ирихьэлIэу Семэным хьэзыр ищIащ икIи утыку кърихьащ и кандидат диссертацэр. Ар теухуауэ щытащ Достоевский Фёдор и «Братья Карамазовы» романым хэт лIыхъужьхэм я цIэхэр авторым къызэрыхиха щIыкIэмрэ абыхэм япкърылъ мыхьэнэмрэ убзыхуным. А лэжьыгъэр ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ Семэным икIи «филологие щIэныгъэхэм я кандидат» цIэр къыфIащащ.

РУДН-м щегъэджэнри зэи IэщIыб имыщI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынри къызыхуэтыншэу зэдихьырт щIэныгъэлIым, арщхьэкIэ абы и гур иджыри хуеIэрт хамэ щIыпIэхэм, урысыбзэмрэ литературэмрэ щегъэджыным и Iуэхур абыхэм зэрыщызэтеублам нэхъ гъунэгъуу нэIуасэ зыхуищIыну. Илъэс зыбжанэ дэкIри, Семэныр аргуэру къэралым икIащ ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэм и тхылъкIэ. А лъэхъэнэм Iэмырхъан щылэжьащ Европэм и къэралхэм. Зэман кIыхькIэ щыIащ Франджым, Тулузэ дэт университетым урысыбзэмрэ литературэмрэ щригъэджу. Къэралым и ипщэ лъэныкъуэмкIэ хуэзэу щитIысыкIа а къалэшхуэм, Франджым и щэнхабзэ, щIэныгъэ, промышленнэ центр иным щигъэкIуа илъэсхэр гукъинэ щыхъуащ Семэным. Ар псэкIэ нэхъ гъунэгъуж хуэхъуащ армырами зыхилъхьэ щымыIэ франджы литературэм, псом хуэмыдэу усыгъэм.

Тулузэ университетым зэрыщригъаджэм хуэдэурэ, Iэмырхъан а лъэхъэнэм къызэхикIухьащ Европэм и къэралхэр, зэми лэжьыгъэ IуэхукIэ, адрейхэм щыгъуэ езым и жэрдэмкIэ. КъыкIэлъыкIуэу ар ягъэкIуащ Бельгием икIи Гент къалэм дэт къэрал университетым щылэжьащ. Псори зэхэту къапщтэмэ, Семэным хамэ къэралхэм щигъэкIуащ илъэси 9, урысыбзэмрэ литературэмрэ студентхэм яригъэджми IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэдзэкIакIуэу щыIэми. Ди къэралым къыщыкIуэж зэзэмызэм Iэмырхъан зэи къигъанэртэкъым щалъхуа щIыналъэм, зэман кIэщIкIэми, къимыхьэжу, и адэ-анэм, къыдалъхуахэм зэ нэхъ мыхъуми яIумыплъэу. А махуэхэр гуфIэгъуэшхуэт абы и унагъуэм, Iыхьлыхэм, благъэхэм я дежкIэ. Куэд къэзымыпсэлъу куэд жызыIэф а цIыху акъылыфIэм дэтхэнэми бзэ щхьэхуэ къыхуигъуэтыфырт, и лэжьыгъэм, гупсысэхэм, мурадхэм щахутепсэлъыхькIэ.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Семэныр иужь ихьащ и доктор диссертацэр гъэхьэзырыным. Бзэм и философием дихьэх, абы епха гупсысэ хьэлэмэтхэр зи къэхутэныгъэхэм щыпхыша щIэныгъэлIым зэман кIэщIым къриубыдэу утыку кърихьащ а унэтIыныгъэм тещIыхьа и лэжьыгъэ купщIафIэр. Бзэмрэ ар зыIурылъ лъэпкъым и гупсысэмрэ, бзэмрэ психологиемрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэр кууэ щызэпкърыхащ Семэным и диссертацэ лэжьыгъэм. Ар Iэмырхъан ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ Москва Лингвистикэ къэхутэныгъэхэмкIэ дэт институтым икIи филологие щIэныгъэхэм я доктор хъуащ.

- Бзэмрэ лъэпкъ гупсысэмрэ къыгуэхыпIэ ямыIэу зэрызэпхам шэч лъэпкъ хэлъкъым. Бзэр лъэпкъ тхыдэм и хъумакIуэщ. Аращ къэзызыгъэлъагъуэр зы лъэпкъыр адрейм къызэрыщхьэщыкI щхьэхуэныгъэхэр: хабзэхэр, щэнхабзэр, нэщэнэхэр, - жеIэ щIэныгъэлIым. - Анэдэлъхубзэхэр, абыхэм яхэлъ хьэлэмэтагъхэр хъумэнырщ ахэр зей лъэпкъхэм я дежкIэ нэхъыщхьэр. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхур пхуэзэфIэхынукъым, уи анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ ин, къабзэ хуумыIэу, уи лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр зэрылъапIэр гурэ псэкIэ зыхыумыщIэу. Анэдэлъхубзэ бзэ къудейкъым - ар щIэныгъэщ, гъэсэныгъэщ, щэнхабзэщ, лъэпкъым и гущIэм узэрынэсыф IункIыбзэIухщ. Ар телъыджэщ, дунейпсо утыку уизышэф Iэмэпсымэ гъуэзэджэщ. Лъэпкъым и псэкупсэ къулеигъэр хъумэнымкIэ, лъэпкъ гупсысэм зегъэужьынымкIэ бзэм бгъэдэлъ къарур къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ, абрагъуэщ.

Бзэмрэ абы щIэлъ философиемрэ ятеухуа публицистикэ, щIэныгъэ тхыгъэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ Семэным. Абыхэм яхэтщ ди къэралми хамэ щIыпIэхэми къыщыдэкIахэр. Iэмырхъан гъащIэм хуиIэ еплъыкIэхэр къыщигъэлъэгъуащ и тхылъхэми. «Homo duplex, или Взойти на эшафот», «Ecce homo, или Жизнь вопреки» тхылъхэр усыгъэ-философие жанрым иту ухуащ.

- Семэн Iэмырхъан усакIуэ-гупсысакIуэшхуэщ, акъыл шэщIа зыбгъэдэлъ цIыхущ. Абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхылъым къыщеIэт цIыхубэпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр: гъащIэм щIэдзапIэ хуэхъум, цIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, псэуныгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм ятопсэлъыхь, - «Homo duplex, или Взойти на эшафот» тхылъым и пэублэ псалъэм щыжиIащ ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей Академием (РАО) и академик, культуролог цIэрыIуэ Шмидт Сигурд. - Бгъэдэлъ жаныгъэмкIэ, жыджэрагъымкIэ классикыу, и псэр зыхуеIэмкIэ романтикыу къэслъытэ Iэмырхъан гъащIэмрэ лIэныгъэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ, фIымрэ Iеймрэ, гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ ятеухуауэ ди пащхьэ кърилъхьа еплъыкIэхэр Гёте иIа гупсысэкIэхэм хуабжьу изогъэщхь. Пэжым и лъыхъуакIуэ, захуагъэм и телъхьэ усакIуэм а гурыгъу-гурыщIэхэрщ къигъэхъуапIэ хуэхъури.

- Iэмырхъан и творчествэр - ар абы и псэм зыхищIэ гурыщIэ куухэр, лъапIэныгъэу къилъытэ Iуэхугъуэхэр наIуэ къэзыщI ущиещ, уазщ. Ар гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епха псэкупсэ лIыгъэм и нэщэнэщ, - а тхылъ дыдэм и кIэух псалъэм дыкъыщоджэ культуролог, философ цIэрыIуэ Померанц Григорий и псалъэхэм.

И тхылъхэм, щIэныгъэ, публицистикэ статьяхэм, усэхэм я нэхъыбапIэр урысыбзэкIэ гъэпсами, зи Хэку цIыкIур, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу Семэным и къалэмыпэм къыпыкIащ ди анэдэлъхубзэмкIэ тха лэжьыгъэхэри. Абыхэм ящыщщ «Хъуэхъу» зыфIища и усэр. Iэмырхъан абы къыщеIуатэ лъэпкъым хуиIэ хъуэпсапIэхэм ящыщ куэд.

Фыгъуэ, жагъуэ дымыщIэу,
Гуапэу, гуакIуэу дыщыту,
ГущIэгъу цIыхум хуэтщIыфу,
Пэж и гъуэгу дытетыфу,
ПцIы и гъуэгур дымыдэу,
Ди лъэпкъыжь зиуэзэщIу,
Ди хэкужь тхъумэжыфу,
Iейр адыгэм ди мащIэу,
Тхьэм дэ куэдрэ дигъэпсэу!

ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ ди лъэпкъэгъу Iущым гъащIэм хуиIэ гупсысэхэр, мурадхэр къыдегуэш и щхьэгъусэ Иннэ. Ар Шортейхэ япхъущ, и IэщIагъэкIэ егъэджакIуэщ, Шэджэм районым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и пашэу лэжьащ, иджыпсту къалэм дэт курыт школ №4-м и унафэщIщ. ЗэгурыIуэрэ зэхэщIыкI лъагэрэ, пщIэрэ нэмысрэ зи зэхуаку дэлъ зэщхьэгъусэхэм къащIоувэ я дыгъэ-щыгъэ бынхэр. Сабийхэм я нэхъыжь Влад илъэс 11 мэхъу, я хъыджэбз закъуэ Миланэ илъэси 9, щIалэ нэхъыщIэ Iэдэм илъэси 6 ирикъуащ. Ахэр щIапIыкI нэхъыжьхэм къыхуагъэна фIыгъуэхэр я гъуэгугъэлъагъуэу псэуным. Апхуэдэ адэ-анэ зыщхьэщыт щIэблэр, шэч хэмылъу, къэтэджынщ щапхъэу ягъэлъагъуэхэм ящыщу. Спортыр зи Iэпэгъуу дапщэщи щыт адэм быныр абыи дрегъэхьэх.

Семэн Iэмырхъан, еджагъэшхуэм, акъыл куу зиIэ цIыху щыпкъэм, дохъуэхъу и щхьэгъусэр къыкъуэту, и анэкъилъхухэр хуэузыншэу, гъащIэм, быным, унагъуэм хуиIэ хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ къехъулIэу, цIыхур насыпкIэ зэджэ фIыгъуэхэм щымыщIэу дунейм куэдрэ тетыну, лъэпкъым ифI къызэрыкI Iуэхугъуэфхэр зэфIихыу, и гур фIыкIэ гъэнщIауэ псэуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Версаль и утыкухэм ящыщ зым. *Франджы, 1997 гъэ*

Того и лъэпкъ махуэшхуэм хэту. *Ломе къалэ, 1989 гъэ*

● Фестивалхэр

Макъамэм зэхуешэс

Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ Симфоние макъамэм и VI дунейпсо фестивалым и ещанэ концертыр Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм.

ДАПЩЭЩИ хуэдэу, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн ягъэуващ. Концертым щIидзэным и пэ къихуэу, пшыхьым къекIуэлIахэм абы зыхагъэгъуэзащ.

Фестивалым хыхьэ зи чэзу концертыр итащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармонием и симфоние оркестрым. Абы и унафэщIыр УФ-м и цIыхубэ артист, КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Борисщ. Программэм щагъэзэщIащ бароккэ макъамэм дихьэхыу щыта Моцарт Вольфганг Амадей и лэжьыгъэхэр. Апхуэдэщ композиторым и 35-нэ симфониер, «Волшебная флейта», «Похищение из сераля» оперэхэм я увертюрэхэр. Концертым и кIэухым ягъэзэщIащ Мендельсон и Тырку маршыр.

Пшыхьым кърихьэлIахэм ягу дыхьащ дуней псом щыцIэрыIуэ композиторым и Iэдакъэ къыщIэкIа макъамэхэр. Абыхэм я гукъыдэжым хигъэхъуарэ дэрэжэгъуэ яIэу цIыхухэр зэбгрыкIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● Волейбол

Гулэжын Хьэзрэт и фэеплъ зэхьэзэхуэ

Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м иджыблагъэ щекIуэкIащ абы и унафэщIу щыта Гулэжын Хьэзрэт и фэеплъу къызэрагъэпэща волейболымкIэ зэхьэзэхуэр. Зэпеуэм хэтащ Лэскэн, Аруан щIыналъэхэм щыщ гупхэр.

ФЭЕПЛЪ зэхыхьэр къыщызэIуахым кърихьэлIахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ Къэхъун дэт курыт еджапIэ №1-м и унафэщI Хьэхъупащ1э Iэмин. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Хьэзрэт и гъащIэмрэ и лэжьыгъэ IэнатIэмрэ теухуауэ цIыхухэм нэхъ гукъинэж ящыхъуахэр.

- ИкъукIэ си гуапэщ нобэ Хьэзрэт и фэеплъу къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм мыпхуэдиз командэ къызэрырихьэлIар, - захуигъэзащ спортсменхэм Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид. - Ар сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу щытащ. Мы Iуэхугъуэр къызэзыгъэпэщахэм я къуэшым и фэеплъыр хамыгъэкIуэдэжу илъэс куэдкIэ кIэлъыпсэуну сахуохъуахъуэ.

Курыт школым и унафэщI къалэныр и пщэм къыдэхуэн и пэ Хьэзрэт математикэмкIэ егъэджакIуэу лэжьащ. 1987 гъэм Къэхъун курыт еджапIэ №1 и лэжьакIуэхэм Iэ IэткIэ Гулэжыныр унафэщIу хахауэ щытащ. Математикэр Хьэзрэт фIы дыдэу ищIэрт. Абы и деж дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу къакIуэрт иригъаджэу щыта, еджапIэ нэхъыщхьэм къыщрата есэпхэр зыхуэмыщIыжхэри. ИригъэкIуэкI классщIыб лэжьыгъэхэм нэгъуэщI щIыпIэхэм кърашурэ сабийхэр кърашалIэрт. ЕгъэджакIуэхэр абы и дерсхэм къакIуэурэ щIэст - егъэджэкIэм хуеджэхэрт.

Школ директорым и IэнатIэм пэрыхьэн и пэ къихуэу Гулэжын Хьэзрэт класс унафэщIу лэжьащ. Шэч къытумыхьэу жыпIэ хъунущ, абы и нэIэ щIэт гупым адрейхэр псори ехъуапсэу зэрыщытар. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэни къанэртэкъым Гулэжыным и сабийхэр зыплъыхьакIуэ е нэгузегъэужь имышэу. Ауэ псом нэхъ гъэщIэгъуэнращи, абы и классыр къанэ щымыIэу пщэдджыжьым сыхьэтиблым ирихьэлIэу Хьэзрэт и унэм къыщызэхуэсырт. Пщэдджыжь зарядкэм къыкIэлъыкIуэу ахэр зэгъусэу волейбол е футбол джэгурт. А псом и ужькIэ сабийхэр я унэхэм зэбгрыжыжхэрт, пщэдджыжьышхэ ящIырти, и чэзум ирихьэлIэу еджапIэм екIуалIэрт. Ахэр иджы балигъ хъуащ гъащIэми увыпIэ хэха щаубыдащ. Гулэжын Хьэзрэт зи класс унафэщIу щытахэу Езийхэ Артуррэ Iэдэмрэ, Къардэн Амур, Понэж Амир, Хъуэст Замир сымэ абы и цIэкIэ школым щагъэуващ класс нэхъыжьхэм щIэс еджакIуэ нэхъыфIхэм мазэ къэс иратыну стипендие.

Школ кIуэцIми школ щIыбми Хьэзрэт ныбжьэгъу куэд щиIащ. Ауэ абы и ныбжьэгъу нэхъ гъунэгъуу сытым дежи щытахэр и классэгъухэращ. ФIэщ щIыгъуейщ, ауэ наIуэщ: илъэс 40-м щIигъуауэ зэныбжьэгъухэр махуитI-щы къэс зэхуэсырт, зэ зым и деж, зэм адрейм и деж. И нэхъыбэм щызэхуэсыр Хьэзрэт и унагъуэрат. Зэныбжьэгъухэр зэдэIэпыкъурт, щIэгъэкъуэн зэхуэхъухэрт.

Хьэзрэт егъэджакIуэ къызэрыгуэкIыу щылэжьами школ директору щыщытами, пщIэшхуэ иIэт. Иджыпстуи абы и классэгъухэм ар ящыгъупщакъым, сыт и лъэныкъуэкIи и унагъуэм щIэгъэкъуэн яхуохъу икIи зи унафэщIу щыта курыт еджапIэм илъэс къэс щекIуэкI абы и фэеплъ зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтхэщ. Гулэжын Хьэзрэт цIыху къызэрымыкIуэт - математикэмкIэ егъэджакIуэ зэчиифIэт, хэкупсэт, унафэщI Iущт, ипэкIэ плъэ цIыхут. Апхуэдэхэр псоми яцIыхун хуейщ икIи зэи ящыгъупщэ хъунукъым.

Фэеплъ зэпеуэм пашэныгъэр щаубыдащ Нарткъалэ къикIа командэм. Абы къакIэлъокIуэ хэгъэрейхэр. Шэрэдж Ищхъэрэ и гупыр ещанэ хъуащ. Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытащ Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м физическэ щэнхабзэмкIэ и егъэджакIуэ Кабалоев Мурадин.

Гулэжын Хьэзрэт и къуэшхэу Анатолийрэ Беслъэнрэ къабгъэдэкIыу зэпеуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ кубоккэр, грамотэхэр, медалхэр, ахъшэ саугъэтхэр иратащ.

Зэхьэзэхуэр щызэхуащIыжым абы и къызэгъэпэщыныр дэзыIыгъахэм, командэхэм, курыт еджапIэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ Гулэжын Беслъэн.

Фэеплъ махуэм къекIуэлIа псоми Гулэжын Хьэзрэт и цIэкIэ къаIэта ерыскъыхэр Iуагъэхуащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Зэвгъэцlыху

Нэмыцэ усакIуэ

Нэмыцэ усакIуэ, драматург, прозаик, философ, щIэныгъэлI Гёте Иоганн Вольфганг Германием щыIэ Франкфурт Iус Майне къалэм 1749 гъэм шыщхьэуIум и 28-м къыщалъхуащ. И адэ Гёте Иоганн Каспар адвокату щытащ, и анэ Катаринэ Элизабет къалэ старшинам ипхъут.

Гёте и адэр цIыху ткIийт, зэпIэзэрытт, пэжагъ зыхэлът. ЩIэныгъэм зэрыхуэнэхъуеиншэмкIэ, гулъытэшхуэ зэрыхэлъымкIэ, зэрыкъабзэлъабзэмкIэ и адэм ещхь хъужауэ къалъытэрт Гёте. И анэращ зи фIыгъэр щIалэр хуабагъэ гумащIагъэ хуэмыныкъуэу къызэрыхъуар.

Гёте и унагъуэр зыхуей хуэзэу псэурт, библиотекэшхуи яIэт. Абы и фIыгъэкIэ, пасэ дыдэу щIиджыкIащ «Илиада»-р, Овидий, Вергилий, нэгъуэщI усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Унэм кърагъэблэгъа егъэджакIуэм иригъащIэхэм нэмыщI, езыр-езыру куэдым хуеджащ, апхуэдэуи нэмыцэбзэм къыдэкIуэу, франджыбзэ, латыныбзэ, алыджыбзэ, итальяныбзэ зригъэщIащ. КъищынэмыщIауэ, Гёте хуэIэзэу щытащ къэфэным, шы тесыным, фехтованием.

Лейпциг университетым щеджащ, 1770 гъэм Страсбург университетыр къиухащ, аращ правэмкIэ и доктор диссертацэр щыпхигъэкIари.

Юриспруденцэм мащIэт Гёте зэрыдихьэхыр. Лейпциг кIуа нэужь, абы фIыуэ елъагъу Шойнкопф Кэтхен икIи рококо жанрым иту усэ дыхьэшхэн цIыкIухэр хуитхыу щIедзэ. Усэм дихьэха нэужь, нэгъуэщI жанрхэми зрепщыт икIи тхыгъэ купщIафIэхэр и Iэдакъэ къыщIокI. Щэнхабзэм и тхыдэр зыдж нэмыцэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гердер Готфир Иоганн хуэза нэужь, Гёте и лэжьыгъэм и къэухьым хуабжьу зехъуэж. Страсбург щыдэса лъэхъэнэм тхакIуэ ныбжьыщIэхэм, иужькIэ дуней псом зи цIэр щыIуахэм, гъусэ яхуохъу, нэхъри зеужь. Ауэ и адэм фIэлIыкIырти, юрист IэщIагъэр Iэпэдэгъэлэл ищIакъым, литературэ лэжьыгъэм зыкIи зэран хуэмыхъуу зыкъомрэ къекIуэкIащ.

Урысейм Гёте къыщацIыхуар XVIII лIэщIыгъуэм и кIэуххэрщ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр япэу урысыбзэкIэ щызэрадзэкIар 1781 гъэрщ. ТхакIуэм и тхыгъэхэм япэу щытхъуащ Радищев Александр, Новиков Николай сымэ. Пушкин и лъэхъэнэм гулъытэ нэхъыбэ хуащI хъуащ нэмыцэ тхакIуэм икIи и IэдакъэщIэкIхэу «Фауст», «Вильгельм Мейстер» жыхуиIэхэр зэIэпахыу щIаджыкIырт.

Гёте Иоганн Вольфганг 1832 гъэм дунейм ехыжащ и ныбжьыр илъэс 82-м иту.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Гугухэ Шумсэт, Нурэ, Аслъижан, Мэнсурэт сымэ.
Кушмэзыкъуей къуажэ, 1923 гъэ

● ГушыIэхэр

Тхьэмахуитl дэкIмэ

Сымаджэ хъуа щIалэр дохутырым деж мэпсалъэ.

- Дохутырым деж сыныщыкIуэну зэманымрэ махуэмрэ къэсщIэну арат.
- Тхьэмахуитl дэкIмэ къэпсалъи, устхынщ.
- Сэ сысымаджэщ, апщIондэху сылIэнкIи хъунщ.
- Ягъэ кIынкъым, уи щхьэгъусэр къэгъэпсалъи, узэрыхуэмеижыр къыджегъэIи зэфIэкIащ.

Пщыгъыу укъэкIуащ

ЩитIагъэ щыгъынхэм екIун пыIэ дахи къыхэзыхын зыфIэфI бзылъхугъэр тыкуэным щIыхьащ. Зыр щитIагъэмэ, гъуджэм иплъэурэ, тIощI хуэдиз зэрихъуэкIа нэужь:

- Мис мыр нэхъ сигу ирихьащи, дапщэ и уасэр?
- Зыри, ар пщыгъыу укъэкIуащ, - ет жэуап тыкуэнтетым.

● ЗэвгъащIэ

Къуалэбзухэм я цIэхэр

Баклан японский - Япон хыбабыщ
Бородач - Бланэукъ, къущхьэхъубгъэжь, мэлыхьбгъэжь, щынэхь, щынэхьыбгъэ, щынэхьбгъэжь
Воробей снежный - Уэсбзу
Волчок - БгъэкIэхьцIыкIу
Вяхирь - Тхьэрыкъуэпщэху
Галстучник - Щхьэщ, пшахъуэджэд
Дубонос арчовый - Къуршдубэкъ
Жаворонок рогатый - Уэсхьэгуагуэ
Журавль даурский - Даур къру
Зеленушка кавказская - БзуудзыфэцIыкIу
Зяблик - Румат
Красавка - Къурупщэфыцlэ
Краснозобик - Бгъэгуплъ
Лунь луговой - ХъупIэжьец

● Хъуэхъу

ИIэ фIыгъуэр хуэбагъуэрэ имыIэр къыхэхъуэу

ЦIыхугъэ лъагэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зи IэщIагъэм хуэIэижь, зи унагъуэкIэ зэпэщ бзылъхугъэ, илъэс куэд щIауэ къыддэлажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Жыласэ Маритэ къызэралъхурэ илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.

Маритэ дэ зэрытцIыхур бзылъхугъэ нэсым, Iущым, Iэдэбым и хьэл-щэн дахэхэр зыхэлъ лэжьэгъуущ. Ди лэжьэгъу зэчиифIэ къудей мыхъуу, и унагъуэкIи ди гъунэгъущ Маритэ, и щхьэгъусэ Жыласэ Зауррэ и къуэ Жыласэ Замиррэ ди редакцэм щаIэ къулыкъухэр къэплъытэмэ. Маритэ дехъуэхъуну дыхуейщ нобэ иIэ фIыгъуэр хуэбагъуэрэ имыIэр къыхэхъуэу, Зауррэ абырэ зэкъуэту я быниплIымрэ абыхэм къащIэхъуахэмрэ я гуфIэгъуэ хэплъэу илъэс куэдкIэ псэуну.

● ГъэщIэгъуэнщ

Зы хьэнэф зы хьэнэф и пщыжщ

Пащтыхьхэм сытым дежи яIэу щытащ я Iуэхутхьэбзащlэ блыгущIэтхэр. Пащтыхьым и «пщIантIэдэтхэр» зыхуей псори ягъуэту, бейуэ псэурт, ауэ я гъащIэр пщым и гукъыдэжымрэ къытехьэгъуэмрэ елъытат.

Пщым и уардэунэм къулыкъу щызыщIэхэм къалэн зэмылIэужьыгъуэ куэд ягъэзащIэрт. Нэхъ пасэм абыхэм я бжыгъэр мащIэт, ауэ куэд хъуа нэужь, къалэн къыщащIыр нэхъ цIыкIу хъууэрэ къекIуэкIащ. Апхуэдэу, псалъэм папщIэ, Франджым и пащтыхь Людовик XIV цIыхуищэ бжыгъэ и унафэм щIэтт, Iуэху мыхьэнэншэ тIэкIухэр зэфIагъэкI мыхъумэ, зыми къалэн пыухыкIа имыIэу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, пащтыхьым пщэдджыжьым зезыгъэхуапэхэр зыкъом хъурт. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщ зым и къалэныр Людовик XIV щатIэгъэну щыгъынхэр иIыгъын хуей къудейуэ арат. НэгъуэщI зыгуэрым и къалэным хыхьэр зы Iуэху цIыкIу закъуэт - пащтыхьыр щышхэкIэ бгъэIулъ Iуилъхьэнырт.

* * *

Уардэунэм къыщекIуэкI модэр къэзыгупсысыр пащтыхь унагъуэрат. Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ я щыгъынхэмрэ я дуней тетыкIэмрэ щапхъэ трахырт абыхэм я блыгущIэтхэм.

Елизаветэ I и фIыгъэкIэ къежьауэ щытащ щэкI хъарым къыхэщIыкIа пщампIэхэр. Апхуэдэуи дэнэ щIыпIи къыщацIыхурт пащтыхь гуащэм и щхьэц плъыжьыфэ лъагэу зэщIэкъуамкIэ.

ШЫПШ Даянэ.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл, джэш, кIэртIоф хэлъу

Мэлылыр яупщIатэ е зэпауд грамми 100-150-рэ хъууэ, псы щIакIэри ятхьэщI. Лыр шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIу ящIри, дакъикъэ 20-25-кIэ ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтIанэ абы халъхьэ джэш никъуэвэ, шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапIэри мафIэ щабэм тету дакъикъипщI-пщыкIутI хуэдизкIэ ягъавэ. Абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф, шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэнтхъупсыр хьэзыр хъуным дакъикъитху-хы фIэкIа имыIэжу бжьыныху, шыгъу, шыбжий сыр халъхьэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым джэдгын хаудэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5-6-кIэ щагъэт. Пщтыру фалъэ куукIэ Iэнэм трагъэувэ. Щlакхъуэ, чыржын, пIастэ щIыIэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
мэлылу - грамми 150-рэ,
лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 600,
джэшу - грамм 30,
кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 50,
бжьыныхуу - грамм 20,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Прунж лэкъум

Шхум содэ, шыгъу, фошыгъу, шатэ халъхьэри бэлагъкIэ фIыуэ зэIащIэ. ИтIанэ прунж хьэжыгъэ ухуэнщIа тIэкIу-тIэкIуурэ хакIутэурэ, хупцIынэр хъудыру япщ. Абы и ужькIэ ар я Iэр псы щIыIэм хащIурэ нартыху лэкъумым ещхьу пIащIэ хъурейуэ ящI, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэри зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Шху, шатэ, шэ щIыIэ докIу. Шейми драф.

Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):
шхууэ - грамм 500,
прунж хьэжыгъэу - грамм 570-рэ,
содэу - грамми 10,
фошыгъуу - грамм 80,
шатэу- грамм 50,
тхъууэ - грамм 200,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. МэкъумэшыщIэ цIэрыIуэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Дадэ ... **6**. Нэхъ пасэм хьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIкIэ фочыр зытраунащIэу щыта, унэм щыщ Iыхьэ. **8**. ШкIащIэ къэзылъхуа жэмым япэ махуэ зытIум къыщIаш гъэшым къыхах шхыныгъуэ. **9**. Гъатхэм пасэу, уэсыр телъу, щIым къыхэж удз цIыкIу хужьуи щхъуантIэуи мэгъагъэ. **10**. ШыкъумцIий уд фызыжьым ебзэджэкIри абыкIэ псыхьэ игъэкIуащ. **12**. Ди гъунэгъур къекIуэкIауэ къызоупщI: «Мы хьэсэ бгъэхьэзырам ... хэпсэнур?» **13**. Лев Толстой гунэс щыхьуа рассказ тельыджэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, урыс тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ. **17**. Тонн зыплIытху зи хьэлъагъ псэущхьэ. **18**. Мэлыхъуэ пщыIэ. **20**. Дзыгъуэм и бий псэущхьэ дахэ цIыкIу. **23**. Егъэлеяуэ дунейр щыщIыIэ. **24**. Аргъуей зэзрэ ... кхъуейрэ. **25**. Тхьэмпэ псыгъуэ кIыхь зыпыт, гъэгъа хужь Iэрамэхэр зи куэд жыг. БелыкI, гуахъуэкI, шэмэджыкI хуэдэхэр къыхащIыкI. **28**. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ шы лъэрызехьэ - икIи мэпсэлъэф, икIи мэлъэтэф. **30**. Акъылыр щагуэшым абы дэсар Iэджэщ. **32**. «Нал ... »- КIыщокъуэ Алим и роман. **33**. Къуацэ-чыцэ Iув, удзыжь зэщIэкIа. **34**. Анэкъилъху. **36**. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и етIуанэ ректору щыта. **37**. Iэщым и ... тхьэмбыл зэкIэрыщIам адыгэм шхыныгъуэ IэфI къыхащIыкI. **39**. Ди хэкуми нэгъуэщI къэралхэми къыщацIыхуу щыта физик Къумахуэ ... **41**. Лэскэн районым щыщ къуажэ, цIыхуу щыпсэум и нэхъыбапIэр лъэпкъкIэ кхъущхьэу (осетину). **42**. Пхъэщхьэмыщхьэ.

Къехыу: **1**. Уэрэдус цIэрыIуэ, уэрэджыIакIуэ Тхьэбысым ... **2**. Гъэмахуэ жэщ щIыIэтыIэм уафэм къех псыIэгъэ. **3**. ЦIыху хьэлэл. **4**. Чы щIыкIэ къыумыгъэшмэ, ... хъуа нэужь упэлъэщыжыркъым. **5**. Удзыжь: къыплъэIэсамэ, зыкъыпкIэрищIэнущ. **7**. Колхоз тхьэмадэ цIэрыIуэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и лIыхъужь Тэрчокъуэ ... **11**. Шы «вакъэ». **14**. Унагъуэ къэс щIэлъ Iэмэпсымэ; току щыдимыIа зэманым и кIуэцIым дэп жьэражьэ иракIутэрт, къагъэпщтырын щхьэкIэ. **15**. Iэщ пIащэ: къэгубжьауэ зыпэщIумыгъахуэ, бжьакъуэпэкIэ укърихьэкIынщ. **16**. Муслъымэн диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **19**. Къэрал мылъкум Iэ щIыIэкIэ хэIэба къулыкъущIэшхуэм ... тралъхьащ. **21**. Лъэдиймрэ лъэгуажьэмрэ щIэзыгъанэ цIыхухъу щыгъын. Ди зэманым апхуэдэ зезыхьэжыр мащIэщ. **22**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **26**. «КъыщIыхьэ, хамэгу ... - ущымыт». **27**. ... защIауэ, щIалэгъуалэр джэгум къыщофэ. **29**. Чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ хъурей цIыкIу, ткIыбжьрэ къащхъуафэу. **30**. Дзыгъуэм жэнэту къыщыхъу нартыху хъумапIэ. **31**. ГъэшхэкI. **32**. Чэтэн ... . Е пхъашэ, гъур. **34**. Узыдэмыхьэ ... лы дэзщ. **35**. Ди республикэм щыпсэу уэрэджыIакIуэ Iэзэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист. **38**. Ди къэралым исщ зи ... улахуэр сом мелуан зыбжанэ хъуи, сом мин зыхыбл фIэкI зрамыти. **40**. Бжэгъу кIыхь, къурыкъу, и зы кIапэм фIэгъэнапIэ иIэу.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



ЩэкIуэгъуэм 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Ахъшэм. **5**. Шэрэз. **8**. Щхьэм. **9**. Курых. **10**. Шхуэ. **11**. Хьэ. **12**. Умэ. **14**. Джей. **16**. Хугу. **19**. ЩIэп. **20**. Къурашэ. 22. Еру. **25**. Гуэдз. **26**. Гъуджэ. **27**. Бжьо. **30**. ЩIыIу. **32**. Ленин. **34**. Боз. **35**. Гъуо. **36**. Ежьу. **38**. Пшэ. **39**. Кхъухь. **41**. Ажэ. **43**. Лулэ. **44**. Дэлъху. **45**. Пшынэ. **46**. Тутей.

Къехыу: **1**. Ахърэт. **2**. Хьэкъурт. **4**. Махъшэ. **5**. Шэрэдж. **6**. ПщыхьэщIэ. **7**. Яхэгуауэ. **13**. Мэкъу. **15**. Ефэ. **17**. Хъуп. **18**. Яе. **21**. Арджэн. **23**. Гудзэ. **24**. Гъубж. **28**. ПщIэгъуалэ. **29**. Бзыхьэхуэ. **31**. Iущ. **32**. Лыжь. **33**. Ныш. **34**. Бо. **37**. Уардэ. **38**. Пэрыт. **40**. Пшынэ. **42**. Лъэуей.

● ГъэщIэгъуэнщ

Пащтыхьыгъуэр - ди лъэхъэнэм

XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм языныкъуэ пащтыхьыгъуэхэр зэхэкъутэжащ, языныкъуэхэм я хуитыныгъэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Ауэ щыхъукIи, иджыри къыздэсым къэрал щыIэщ пащтыхьхэмрэ пащтыхь гуащэхэмрэ унафэр щаIэщIэлъу.

Диктаторхэр

Къэралым исхэр зэпэщIэувэу зауэ къыщыхъухэм я лъэхъэнэм языныкъуэ пащтыхьыгъуэхэр кIуэдыжауэ щытащ. Ауэ абыхэм я пIэ къиувахэр пащтыхьхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щыIэтэкъым.

Цзэдун Мао (1893 - 1976) Китайм и коммунистхэм я Iэтащхьэу щытащ. Абы къэрал унафэр къыщыIэрыхьа лъэхъэнэр ирихьэлIащ иужьрей дыдэ китай пащтыхьыр традза нэужь къэхъуа зэщIэхъееныгъэшхуэм. Зэман дэкIри, абы хузэфIэкIащ къэрал унафэр зэрыщыту и IэмыщIэм ирилъхьэн.

Абы и политикэ еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ зэрыт, дэни щыцIэрыIуэ «Тхылъ плъыжь цIыкIухэр» Китайм щыпсэу дэтхэнэ зы цIыхуми къыздрихьэкIырт.

Цзэдун Мао пщIэшхуэ хуащIырт. Абы и сурэт зытет зы тхылъымпIэ кIапи хыфIадзэртэкъым. Газетхэм сытым дежи къытехуэрти, ар яхъумэн хуейуэ дэтхэнэми и къалэнт. Уеблэмэ, унагъуэхэм газетхэр здахьын ямыщIэжу, унэм щIэз щыхъуа зэмани щыIащ.

Къэралхэм я президентхэмрэ Iэтащхьэхэмрэ

Языныкъуэ къэралхэм я властыр зыIэщIэлъыр пащтыхьхэракъым, атIэ цIыхубэм хаха Iэтащхьэхэрщ. Апхуэдэ къэралхэм республикэкIэ йоджэ, я унафэщIхэр - Президентщ. Пэжщ, пащтыхьхэр яIэту, пщIэшхуэ хуащIу, ихъуреягъым нэхъыфIхэр щыхузэблахыу зэрыщытам хуэдэу, хаIэтыкI президентхэри щыIащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Кеннеди Джон (1917 - 1963) США-м и Президент нэхъ цIэрыIуэу щытащ. Абырэ и щхьэгъусэ Жаклинрэ псоми щапхъэ зытрах унагъуэт. Кеннеди президент къулыкъум щыпэрыта лъэхъэнэм Унэ хужьым (США-м и президентхэр щылажьэ, щыпсэу) КамелоткIэ еджэрт - пащтыхь цIэрыIуэ Артур и хэщIапIэм ирагъэщхьу.

1964 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Кеннеди Джон Даллас щаукIауэ щытащ. А щIэпхъаджагъэм дуней псор игъэнэщхъеят.

Иджырей пащтыхь

Елизаветэ ЕтIуанэр, Великобританиемрэ нэгъуэщI къэрал 15-мрэ я пащтыхь гуащэр, иджырей конституционнэ монархыу ялъытэ. Къэралым и политикхэр абы зыкIи хэIэбэркъым, а Iуэхухэр зэфIэзыхыр парламентырщ.

Къэрахьэжьа Iуэхум теухуа хъыбархэмрэ чэнджэщхэмрэ Министрхэм я кабинетым къабгъэдэкIыу пащтыхь гуащэм къыIэрагъэхьэрэ абыхэм щыгъуазэ зищIу аращ. Апхуэдэуи зы политикэ партми хэткъым.

Парламентым закон гуэр къыщищтэм деж, Пащтыхь гуащэр хоплъэ, хуитыныгъэ яретри, резолюцэ трегъэувэ. Абы къегъэлъагъуэ ар а законыр къащтэным арэзы зэрытехъуэр.

Елизаветэ ЕтIуанэм и къалэнхэр нэгъуэщIщ - гуфIэгъуэ Iуэхухэр, зэхыхьэхэр зэригъэкIуэнырщ, псалъэм папщIэ, парламент сессиер къызэIухыныр зи пщэрылъыр аращ. Апхуэдэуи пащтыхьыгъуэм IэщэкIэ зэщIэузэда и къарухэм я Iэтащхьэр Елизаветэ ЕтIуанэрщ.

Пащтыхь унагъуэм исхэр щIэх-щIэхыурэ хамэ къэралхэм макIуэ. Ахэр хуабжьу сэбэп мэхъу Великобританиемрэ адрей къэралхэмрэ зэхущытыкIэфI я зэхуаку дэлъынымкIэ, сату Iуэхум зиужьынымкIэ. ПсапащIэ зэгухьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэтщ Елизаветэ ЕтIуанэр икIи абы и нэIэ зытетхэр нэхъ зыхуей хуозэ.

Пащтыхь гуащэм Великобританием и зыужьыныгъэм хэлIыфIыхьхэр сытым дежи егъэпажэ. Абыхэм ящыщ дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр лIыхъусэжь цIэр яфIэщынырщ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Псалъэжьхэр

Нысэр гъэсамэ, усэ хуэфащэщ

♦**Хамэщlыр сыт щыгъуи щIыIэщ.**
♦**Щхьэм имылъмэ, гум илъыр къолъэлъ.**
♦**Бгым щыхуам и мыIуэху зэрихуэжыркъым.**
♦**ЩIыхь зиIэ щытхъу хуэныкъуэкъым.**
♦**Iуэху никъуэщIэ къагъанэу, IуэхущIэ яублэркъым. ХьэщIэм и щIыхьыр езым къеIэтыж.**
♦**Хамэм зыкъыпщIигъакъуэмэ, къуэшри къофыгъуэж.**
♦**Щыуагъэр мыгъуагъэщи, гугъапIэр пIэщIех.**
♦**Анэм и гузэвэгъуэр гъунапкъэншэщ.**
♦**Нысэр гъэсамэ, усэ хуэфащэщ.**
♦**Зи мащIэм зигъэнщIри, зи куэдым зимыгъэнщIыжу къэнащ.**

АФЭЩIАГЪУЭ Анас.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Изэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1499